



BAB III

MÉTODOLOGI PANALUNGTIKAN

3. 1 Sumber Data



Gambar 3.1 Cover Hareup Novél Istri-istri nu Dipihormat



Gambar 3.2 Cover Tukang Novél Istri-istri nu Dipihormat

3.1.1 Idéntitas Buku

Judul : *Istri-istri nu Dipihormat*

Pangarang : Mémén Durachman

Dini Novianti Rinal Diani, 2022

NOVÉL ISTRI-ISTRI NU DIPIHORMAT KARYA MÉMÉN DURACHMAN (TILIKAN STRUKTURAL JEUNG PSIKOLOGI SASTRA)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pamedal	: PT. Dunia Pustaka Jaya
Taun medal	: 2021
Citakan	: munggaran
ISBN	: 978-623-221-821-5
Gambar jilid	: Ayi R. Sacadipura
Jumlah kaca	: 116
Jumlah subjudul	: 1) Déwi Kunti 2) Déwi Kania 3) Déwi Asri 4) Siti Masyitoh 5) Déwi Kania 6) Husnul Hotimah 7) Ihlasiah 8) Déwi Kania 9) Bibi 10) Déwi Kunti

3.1.2 Sinopsis Carita

Dina novél Istri-istri nu Dipihormat téh dicaritakeun lalakon tilu awéwé urang Bandung anu jaradi pajabat, Déwi Kunti salaku Ketua DPRD Kota Bandung, Déwi Kania salaku Walikota Bandung, jeung Déwi Asri salaku Ketua DPRD Provinsi Jawa Barat. Déwi Kunti téh lulusan Harvard University, Amérika. Maranéhna téh sosobatan, dalit pisan. Déwi Kunti ngalandi sosobatan maranéhna téh ku sebutan triéka.

Triéka loba sasaranana, boh dina cara mikir boh dina pangaresep. Kabeneran ogé nasib rumah tangga maranéhna gé sarua, taya nu bener. Salakina Déwi Kunti ngagugulung waé laboratorium nepi ka sok poho balik ka imah. Hubungan Déwi Kania jeung salakina gé kurang hadé, geus 20 taun ngajalanan rumah tangga tapi can boga waé budak, nepi ka ngarasa geus teu boga rasa cinta ka nu jadi salaki téh. Sedengkeun Déwi Asri sok ditinggalkeun nyanyabaan ku salakina, da aktivis LSM internasional. Ku lantaran dina rumah tanggana henteu manggih kabagjaan, éta tilu awéwé téh ngadon néang kabagjaan di luar. Dina hal

asmara, maranéhna saruana bisex; resep ka awéwé jeung lalaki. Mimitina mah pada-pada teu apal, ngan kadieunakeun kapanggih maranéhna téh boga karesep nu sarua, tapi da teu silihcarék, silihngarti wé nu aya. Kapanggihna téh basa ulin ka tempat paniisan di Ciwidéy.

Triéka kawéntar awéwé nu geulis, aktip tur calakan. Katambah boga jiwa kapamingpina anu hadé. Matak pantes lamun maranéhna kapeto jadi pamingpin téh. Najan sabenerna mah maranéhna teu hayang-hayang teuing jadi pajabat téh, da lain jelema anu ambisius, lain jelema nu resep cicing dina kalang kakawasaan. Salila jaradi pajabat, maranéhna jauh ti nu ngaranna KKN, éstu jujur. Kapentingan rahayat téh jadi udagan anu utama. Maranéhna ngarasa rariged ku aturan protokol, hayang jongjon wé henteu ditutur-tutur. Komo lamun indit tiluan mah tara pisan mamawa protokol.

Dina novél téh kacaritakeun triéka boga cita-cita anu rohaka. Triéka téh boga cita-cita hayang ngarobah masarakat Sunda anu statis jadi masarakat anu dinamis. Maranéhna boga tékad hayang ngajurung sarta ngaluluguan sangkan masarakat Sunda daék ngalakukeun parobahan budaya. Nu tadina ngotok ngowo, ayeuna kudu daék sumebar ka mana-mana, lain baé di nusantara tapi ogé di sakuliah dunya. Pangna boga kahayang kitu téh lantaran ningali kaayaan urang Sunda anu can némbongkeun kamajuan anu nyugemakeun. Urang Sunda resep kénéh pagilinggisik cicing di lembur, sanajan hirupna susah. Ceuk pamikiran triéka, urang Sunda bakal leuwih maju lamun daék hirup ngumbara ka mancanagara, utamana nuluykeun sakola. Di tempat pangumbaraan, bakal meunang élmu sarta pangalaman nu leuwih euyeub, ti batan cicing waé di lembur bari jeung euweuh kamajuan. Kitu ceuk pamikiran triéka mah.

Sababaraha program jeung kagiatan diayakeun pikeun ngawujudkeun éta cita-cita. Déwi Kania ngayakeun program “Seribu Doktor”, dirojong ku Déwi Kunti jeung Déwi Asri.. Éta program téh mangrupa program rintisan jeung unggulan di Kota Bandung, ditujukeun keur urang Bandung nu rék nuluykeun kuliah S3 ka mancanagara. Hanjakal, geus tilu iangan nu diinditkeun ka mancanagara téh urang Sundana mah tara leuwih ti 25 persén. Hasilna can nyugemakeun waé. Salian ti éta, Déwi Kania gé ngayakeun seminar “Hidup Mengembara di Mancanegara” anu

dilaksanakeun di Gedong Merdéka. Tuluy hasil seminarna téh disosialisasikeun dina sawatara média citak jeung éléktronik.

Béda carita jeung Déwi Asri, manéhna kungsi ngusulkeun perda program béasiswa sakola nepi ka S3 di mancanagara, singhoréng kalah neunggar cadas. Lantaran teu disatujuan ku pajabat séjénna. Tangtu manéhna ngarasa sedih jeung jeung keuheul, ngan untung diupahan ku sobat-sobatna sangkan ulah pegat harepan. Manéhna jadi sadar kana kualitas anggota pamaréntahanana anu loba kénéh lulusan SMA.

Aya sababaraha pihak anu mantuan triéka ngawujudkeun cita-citana, nyaéta Siti Masyitoh, Husnul Hotimah, jeung Ihlasiah. Siti Masyitoh téh réktor paguron luhur anu kakoncara di Bandung. Di kampusna ngayakeun program pertukaran mahasiswa. Éta program mangrupa gawé bareng Déwi Kania salaku Walikota Bandung. Hanjakal, tina éta program téh tacan bisa ngahontal targét nu dipiharep ku Walikota Bandung. Siti Masyitoh boga harepan nu gedé kana éta program téh, lantaran bakal meunang loba kauntungan.

Hiji waktu, aya Ketua LSM (dilandi Ki Ontohod) anu nyebarkeun pitnah yén Déwi Kania ngorupsi duit program “Seribu Doktor”. Manéhna teu rumasa geus korupsi, aturan ti pangadilan téh ditedunan. Antukna, manéhna jadi remen bulak-balik ka pangadilan, nepi ka ngarasa capé haté. Padahal manéhna bisa waé nyogok ka hakim sangkan kasusna téréh anggeus, tapi da manéhna lain pamingpin anu boga kalakuan saperti kitu.. Sanajan Ki Ontohod téh ukur hayang dibéré duit. Ngan, ku Déwi Kania teu digugu. Manéhna hayang objéktif, sina kabuktian sorangan yén manéhna teu salah. Salila nyinghareupan éta kasus téh Déwi Kania dibantuan ku sobatna, Déwi Kunti.

Sanggeus kasusna bérés téh, Déwi Kania teu eureun narékahan cita-citana téa. Manéhna tuluy ngadatangan salah saurang Kepala Sekolah Dasar favorit nu aya di Kota Bandung, Husnul Hotimah. Maksudna mah méré pancén sangkan ngipuk tradisi ngumbara ka para siswa. Husnul meunang usul ti guru-guru sangkan ngayakeun kagiatan lomba ngarang jeung ngagambar anu témana ngeunaan hirup di pangumbaraan. Éta kagiatan bisa kalaksanakeun. Husnul boga kauntungan tina éta kagiatan, tapi henteu maliré ka guru-guru anu geus milu capé ngalaksanakeun éta kagiatan.

Tuluy Déwi Kania manggihan Ihlasih, Ketua Badan Koordinasi Majelis Ta'lim Kota Bandung. Ihlasih dibéré amanat kudu bisa ngahudang sumanget ibu-ibu pikeun ngajurung anak incuna ngumbara di mancanagara. Ihlasih jeung ibu-ibu majlis ta'lim kaidéan ngayakeun saémbara biantara ngeunaan hirup ngumbara. Éta kagiatan bisa lumangsung kalawan pikaresepeun, pangpangna mah loba pikaseurieunana. Sésa duit tina éta kagiatan téh ku Déwi Kania diamanahkeun ka Ihlasih sangkan dibagikeun ka panitia. Ngan, jadinya kalah leuwih teuing ka Ihlasih. Terus aya panitia anu ngalaporkeun ka Déwi Kania. Tangtu Ihlasih ngarasa ambek, nepi ka wani nyarékan bari ngalaklak dasar. Tapi ahirna, manéhna sadar kana kasalahanana. Manéhna nyieun kaputusan mundur tina jabatan, lantaran ngarasa can bisa jadi pamingpin anu bener.

Nincak kana waktu pangsiunna jadi Walikota Bandung, Déwi Kania geus panceg rék balik deui jadi aktivis LSM bari ménta ditulungan ku dua sobatna, Déwi Asri jeung Déwi Kunti. Maranéhna sapuk, da sarua pada-pada rék pangsiun waé jadi pajabat, sanajan loba nu ngajujurung pikeun nyalonkeun deui. Pangsiun jadi pajabat téh lain hartina eureun ngawujudkeun cita-cita maranéhna anu rohaka téa, nyaéta hayang ngarobah masarakat Sunda jadi masarakat nu dinamis, ti budaya ngotok ngowo jadi daék sumebar ka sakuliah dunya.

Di ahir carita, maranéhna téh indit ibadah umroh. Niatna hayang meresihkeun diri tina dosa-dosa anu geus dipilampah. Balik ibadah haji téh maranéhna tuluy ngoméan kahirupan maranéhna séwang-séwangan. Tujuan hirup kahareupna, maranéhna rék nyiar cara nyampurnakeun hirup.

3. 2 Méthode, Téhnik, jeung Instrumén Panalungtikan

Méthode panalungtikan anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan ieu panalungtikan nyaéta méthode formal anu digabungkeun jeung méthode déskriptif analitis. Instrumén anu dipilih pikeun ngumpulkeun data sarta jadi bahan keur ngolah data nyaéta lembar cutatan jeung tabél céklis. Satuluyna, dijéntrékeun ngeunaan méthode, téhnik, jeung instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan.

3. 2. 1 Méthode Panalungtikan

Ieu panalungtikan téh rék nganalisis jeung ngadéskripsikeun data nu kapanggih dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Memen Durachman, rék dianalisis ngagunakeun tilikan struktural jeung psikologi sastra anu satuluyna dilarapkeun kana pangajaran maca novél di kelas XI SMA minangka bahan ajarna. Ku sabab ieu panalungtikan téh kaasup panalungtikan kualitatif, jadi data utamana téh kekecapan/basa, ari data pangdeudeulna mah mangrupa dokumén (buku-buku pustaka) anu bisa ngadeudeul ieu panalungtikan.

Métode panalungtikan anu digunakeun nyaéta métode formal anu digabungkeun jeung métode déskriptif analitis. Ieu métode téh saluyu jeung karakteristik panalungtikan nu rék digarap. Ngaliwatan ieu métode téh bakal kapanggih unsur-unsur karya sastra anu satuluyna bakal didéskripsikeun jeung dianalisis hasilna. Hasil ahirna, bakal kapanggih struktur carita jeung aspék psikologi dina novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Mémén Durachman, sarta larapna kana pangajaran maca novél di kelas XI SMA minangka bahan ajarna.

3. 2. 2 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Salila prosés panalungtikan, panalungtik ngamangpaatkeun dokumén-dokumén tinulis, saperti buku, jurnal, jeung artikel. Dokumén-dokumén anu dijadikeun référénsi téh aya patalina jeung matéri udagan panalungtikan.

3. 2. 3 Téhnik Ngolah Data

Lamun sakabéh data anu dibutuhkeun téh geus didéskripsikeun, satuluyna éta data-data téh kudu diolah ngagunakeun prosedur anu sistematis tur éféktif. Dumasar kana métode, desain, jeung téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan, prosedur ngolah datana dijéntrékeun saperti kieu:

- 1) nganalisis struktur novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Memen Durachman;
- 2) nganalisis aspék psikologi novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Memen Durachman;
- 3) matalikeun aspék psikologi jeung ajén atikan karakter novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya Memen Durachman;

- 4) nganalisis data sagemblengna. Dina ieu tahap, analisis leuwih teleb pikeun ngahontal sakabéh tujuan panalungtikan;
- 5) napsirkeun hasil analisis. Sakabéh data anu geus dianalisis sacara gembleng téh kudu ditapsirkeun, pikeun nyangking pamanggih anu weweg, anu satuluyna bakal ngawujud jadi kacindekan; jeung
- 6) nyieun kacindekan. Kacindekan kudu saluyu jeung tujuan panalungtikan. Ieu téh tahap pangahirna dina prosés ngolah data. Kacindekan nyoko kana hasil pedaran ti tahap awal nepi ka pamungkas.

3. 2. 4 Instrumén Panalungtikan

Ieu panalungtikan ngagunakeun instrumén lembar cutatan anu wangunna saperti kieu di handap.

Struktur	Kode	Cutatan
Aspék sintaksis: galur		
Aspék semantik		
Jejer		
Palaku		
Latar		
Aspék verbal		
Gaya basa		
Puseur sawangan		

Tabél 3.1 Lembar Cutatan Struktur Carita

Aspék Psikologi	Kode	Cutatan
<i>Id</i>		
<i>Ego</i>		
<i>Superego</i>		

Tabél 3.2 Lembar Cutatan Aspék Psikologi

Kritéria	Kode	Cutatan
1) réligius		

Kritéria	Kode	Cutatan
2) jujur		
3) toléransi		
4) disiplin		
5) keyeng`		
6) kréatip		
7) mandiri		
8) démokratis		
9) rasa hayang nyaho		
10) sumanget		
11) cinta ka lemah cai		
12) ngahargaan préstasi		
13) komunikatip		
14) cinta daméy		
15) resep maca		
16) paduli kana lingkungan		
17) paduli sosial		
18) tanggung jawab		

Tabél 3.3 Lembar Cutatan Ajén Atikan Karakter

Keterangan:


Kolom kode dieusian ku nomer kaca atawa ditambahan ku runtuyan paragraf.

Kolom cutatan dieusian ku kalimah atawa kecap anu dicutat pikeun dianalisis.

3. 3 Désain Panalungtikan


Desain panalungtikan bisa mantuan pamaca pikeun mikanyaho cara panalungtik dina ngarap panalungtikan ti awal nepi ka ahir; nepi ka bisa ngahontal tujuan panalungtikan anu geus disusun saméméhna. Runtuyan kagiatan dina ieu panalungtikan téh gugon kana desain panalungtikan nu geus disusun saméméhna, sangkan henteu mancal tina tujuan panalungtikan. Desain panalungtikan disusun dumasar kana rumusan jeung tujuan panalungtikan. Satuluyna, dipidangkeun bagan anu ngagambarkeun desain panalungtikan “Novél *Istri-istri nu Dipihormat* karya

Mémén Durachman (Tilikan Struktural jeung Psikologi Sastra).



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3. 4 Prosedur/Alur Panalungtikan



Bagan 3.2 Prosedur Panalungtikan